Dina Pahlawan
Nglajengaken Semangat Perjuangan kanthi Iman, Takwa, lan Akhlak Mulia

Khutbah Kapisan

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ. اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِيْ حَمْدًا يُوَافِيْ نِعَمَهُ وَيُكَافِئُ مَزِيْدَهُ، يَا رَبَّنَا لَكَ الْحَمْدُ كَمَا يَنْبَغِيْ لِجَلَالِ وَجْهِكَ وَلِعَظِيْمِ سُلْطَانِكَ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلَهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنَّ سَيِّدَنَا مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ وَصَفِيُّهُ وَخَلِيْلُهُ، خَيْرُ نَبِيٍّ أَرْسَلَهُ اللهُ إِلَى الْعَالَمِ كُلِّهِ بَشِيْرًا وَنَذِيْرًا. اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى أَلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ صَلَاةً وَسَلَامًا مُتَلَازِمَيْنِ إِلَى يَوْمِ الدِّيْنِ أَمَّا بَعْدُ، فَيَاأَيُّهَا الْحَاضِرُوْنَ اِتَّقُوا اللهَ حَقَّ تُقَاتِهِ قَالَ اللهُ تَعَالَى فِي الْقُرْاٰنِ الْعَظِيْمِ. أَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ بِسْمِ اللهِ الرَّحْمٰنِ الرَّحِيْمِ: يٰٓاَيُّهَا الَّذِيْنَ اٰمَنُوا اتَّقُوا اللّٰهَ حَقَّ تُقٰتِهٖ وَلَا تَمُوْتُنَّ اِلَّا وَاَنْتُمْ مُّسْلِمُوْنَ

Jamaah shalat Jumat ingkang dipun rahmati Allah Subhanahu wa ta'ala.

Sumangga kita tansah ngaturaken puji syukur dhumateng ngarsanipun Allah *Subhanahu wa ta'ala*, ingkang sampun paring nikmat iman, Islam, kasarasan, saha wekdal, satemah ing dinten Jumat ingkang kebak berkah menika kita saged makempal wonten ing papan menika kangge nglampahi kewajiban shalat Jumat.

Shalawat saha salam mugi tansah katetepaken dhumateng junjungan kita Nabi Agung Muhammad *Shallallahu 'alaihi wa sallam*, kulawarga, para sahabat, saha umatipun ingkang setya nglampahi sunnahipun dumugi akhir zaman. Khatib ngaturaken wasiat dhumateng kula pribadi saha dhumateng para jamaah sedaya, sumangga kita tansah ningkataken iman lan takwa dhumateng Allah *Subhanahu wa ta'ala* kanthi nglampahi sedaya dhawuh-dhawuhipun saha nebihi sedaya awisanipun.

Jamaah Jumat ingkang minulya.

Wonten ing wulan November, bangsa Indonesia mengeti dinten ingkang wigati, inggih menika Dinten Pahlawan tanggal 10 November.

Dinten menika dados pangeling-eling tumrap kita sedaya dhumateng perjuangan para pahlawan bangsa ingkang sampun ngurbanaken tenaga, bandha, pikiran, malah nyawa kangge ngrebut saha njagi kamardikan Negara Kesatuan Republik Indonesia.

Para pahlawan sampun paring tuladha bilih kamardikan menika mboten saged dipun raih kanthi gampil. Wonten perjuangan, pengorbanan, persatuan, saha semangat pantang menyerah.

Minangka umat Islam, kita kedah saged mendhet piwulang saking perjuangan para pahlawan menika. Allah *Subhanahu wa ta'ala* sampun paring dhawuh wonten ing Al-Qur'an Surat At-Taubah ayat 41:

اِنْفِرُوْا خِفَافًا وَّثِقَالًا وَّجَاهِدُوْا بِاَمْوَالِكُمْ وَاَنْفُسِكُمْ فِيْ سَبِيْلِ اللّٰهِ ۗ ذٰلِكُمْ خَيْرٌ لَّكُمْ اِنْ كُنْتُمْ تَعْلَمُوْنَ

Tegesipun: *"Mangga padha budhala, kanthi kahanan entheng utawa abot, lan padha*

berjuwangana kanthi bandha lan jiwa ragamu ana ing dalane Allah. Kang mangkono iku luwih becik tumrap sira menawa sira padha mangerteni."

Ayat menika paring piwulang dhumateng kita bilih gesang menika mbetahaken perjuangan, pengorbanan, saha kasungguhan anggenipun nindakaken kabecikan.

***Jamaah ingkang dipun mulyakaken Allah*.**

Wonten sekawan piwulang saking semangat para pahlawan ingkang kedah kita tindakaken wonten ing gesang saben dinten.

Sepisan, Nuladani Keikhlasan Saha Pengorbanan Para Pahlawan.

Para pahlawan sampun ngurbanaken kathah perkawis kangge bangsa lan negara. Para pahlawan boten namung mikiraken kepentingan pribadi, nanging ugi mikiraken masa depan generasi penerus.

Mila kita minangka umat Islam kedah saged nuladani semangat pengorbanan menika. Tiyang sepuh ingkang nyambut damel kanthi temen kangge nyekapi kabutuhan kulawarga, punika satunggaling perjuangan.

Guru ingkang kanthi ikhlas ndhidhik para siswa, punika satunggaling perjuangan. Para ulama, kyai, ustadz, saha penyuluh agama ingkang mbimbing umat dhateng margi ingkang leres, ugi kalebet perjuangan ingkang luhur.

Sedaya menika saged dados amal ibadah menawi dipun lampahi kanthi ikhlas lan niat amargi Allah *Subhanahu wa ta'ala*.

***Jamaah ingkang minulya*.**

Kaping Kalih, **Njagi Persatuan Lan Paseduluran**.

Kamardikan Indonesia saged dipun gayuh amargi wonten semangat persatuan. Para pejuang asalipun saking maneka warna suku, agama, lan golongan, nanging saged nyawiji kangge tujuan ingkang sami, inggih menika kamardikan Indonesia.

Islam ugi ngajari kita supados tansah njagi persatuan. Allah *Subhanahu wa ta'ala* ngendika wonten ing Surat Ali Imran ayat 103:

وَٱعْتَصِمُواْ بِحَبْلِ ٱللَّهِ جَمِيعًا وَلَا تَفَرَّقُواْ ۚ

Tegesipun:

"Lan padha cekelen tali (agama) Allah kabeh lan aja padha congkrah."

Mila, kita kedah njagi paseduluran, sami ngajeni, mboten gampil nyebar fitnah, mboten remen nyebar kabar ingkang dereng cetha, saha mboten gampil kepancing dening perkawis ingkang saged ndadosaken pasulayan.

Ampun ngantos kita saged ngraosaken kamardikan, nanging malah sami ngrusak persatuan bangsa.

Jamaah Rahimakumullah.

Kaping Tiga, Dados Pahlawan Wonten Ing Lingkungan Piyambak-Piyambak.

Dados pahlawan menika boten kedah ngasta gegaman utawi perang wonten ing paprangan. Wonten ing jaman samenika, kita saged dados pahlawan kanthi nindakaken kabecikan wonten ing lingkungan piyambak-piyambak.

Bapak ingkang tanggel jawab dhateng kulawarga, punika pahlawan tumrap lare lan garwanipun. Ibu ingkang kanthi sabar nggulawenthah lare-larenipun, punika pahlawan tumrap generasi bangsa. Guru ingkang ikhlas paring kawruh, punika pahlawan pendidikan. Para mudha ingkang saged njagi dhirinipun saking narkoba, tumindak kriminal, lan pergaulan ingkang mboten sae, punika pahlawan kangge masa depanipun. Pejabat ingkang jujur, amanah, lan mboten korupsi, punika pahlawan tumrap rakyat lan bangsa.

Malah tiyang ingkang saged njagi lesanipun saking tembung-tembung ingkang awon, mboten nglarani manahipun tiyang sanes, lan tansah nyebar kabecikan, ugi kalebet tiyang ingkang nindakaken perjuangan luhur. Rasulullah *Shallallahu 'alaihi wa sallam* ngendika:

اَلْمُسْلِمُ مَنْ سَلِمَ الْمُسْلِمُونَ مِنْ لِسَانِهِ وَيَدِهِ

Tegesipun:
"Wong Islam iku yaiku wong kang wong-wong Islam liyane slamet saka gangguan lesan lan tangane." (HR. Bukhari lan Muslim).

Para jamaah ingkang dipun rahmati Allah.

Kaping sekawan, ngisi kamardikan kanthi amal kabecikan.

Para pahlawan sampun berjuang ngrebut saha njagi kamardikan. Samenika tugas kita inggih menika ngisi kamardikan kanthi tumindak ingkang migunani.

Sumangga kita sami ningkataken ibadah, ngudi ilmu, ndhidhik generasi kanthi akhlak ingkang sae, tetulung dhateng sesami, njagi lingkungan, saha nyambut damel kanthi jujur lan tanggel jawab.

Ampun namung pinter mengeti dinten pahlawan kanthi upacara lan seremoni, nanging kedah saged nerusaken semangat perjuanganipun lumantar tumindak nyata.

Bangsa ingkang ageng menika mboten namung bangsa ingkang saged ngurmati jasa para pahlawanipun, nanging ugi bangsa ingkang saged nyithak generasi ingkang iman, takwa, pinter, jujur, amanah, saha migunani tumrap agama, bangsa, lan negara.

Mugi-mugi Allah *Subhanahu wa ta'ala*. paring kekiyatan dhumateng kita sedaya supados saged dados generasi penerus ingkang saged njagi persatuan lan ngisi kamardikan kanthi kabecikan.

بَارَكَ اللهُ لِيْ وَلَكُمْ فِيْ الْقُرْآنِ الْكَرِيْمِ وَنَفَعَنِيْ وَإِيَّاكُمْ بِمَا فِيْهِ مِنَ الذِّكْرِ الْحَكِيْمِ وَتَقَبَّلَ مِنِّيْ وَمِنْكُمْ
تِلَاوَتَهُ إِنَّهُ هُوَ الْغَفُوْرُ الرَّحِيْمُ، فَاعْتَبِرُوْا يَآ أُوْلِى الْأَلْبَابِ لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْن .

Khutbah Kaping Kalih

اَلْحَمْدُ لِلّٰهِ الَّذِي هَدَانَا لِهَذَا وَمَا كُنَّا لِنَهْتَدِيَ لَوْلَا أَنْ هَدَانَا اللهُ. أَشْهَدُ أَنْ لَا إِلٰهَ إِلَّا اللهُ وَحْدَهُ لَا شَرِيْكَ لَهُ، وَأَشْهَدُ أَنْ مُحَمَّدًا عَبْدُهُ وَرَسُوْلُهُ لَا نَبِيَّ بَعْدَهُ. اَللّٰهُمَّ صَلِّ وَسَلِّمْ وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِهِ وَصَحْبِهِ الْمُجَاهِدِيْنَ الطَّاهِرِيْنَ أَمَّا بَعْدُ، فَيَا آيُّهَا الحَاضِرُوْنَ، أُوْصِيْكُمْ وَإِيَّايَ بِتَقْوَى اللهِ وَطَاعَتِهِ

لَعَلَّكُمْ تُفْلِحُوْنَ. يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا اتَّقُوا اللَّهَ حَقَّ تُقَاتِهِ وَلَا تَمُوتُنَّ إِلَّا وَأَنْتُمْ مُسْلِمُونَ، وَتَزَوَّدُوا فَإِنَّ خَيْرَ الزَّادِ التَّقْوَى. فَقَدْ قَالَ اللهُ تَعَالَى فِي كِتَابِهِ الْكَرِيْمِ أَعُوْذُ بِاللهِ مِنَ الشَّيْطَانِ الرَّجِيْمِ، بِسْمِ اللهِ الرَّحْمَنِ الرَّحِيْمِ: وَالْعَصْرِ. إِنَّ الْإِنْسَانَ لَفِي خُسْرٍ. إِلَّا الَّذِينَ آمَنُوا وَعَمِلُوا الصَّالِحَاتِ وَتَوَاصَوْا بِالْحَقِّ وَتَوَاصَوْا بِالصَّبْرِ.

Jamaah shalat Jumat ingkang dipun Rahmati Allah Subhanahu wa ta'ala

Sepisan malih, sumangga kita tansah ningkataken iman lan takwa dhumateng Allah SWT. Saking mengeti Dinten Pahlawan menika, sumangga kita sami ngraosaken bilih perjuangan menika mboten nate rampung.

Menawi rumiyin para pahlawan berjuang kanthi jiwa lan raga kangge kamardikan, mila samenika kita kedah berjuang kanthi ilmu, iman, akhlak, kejujuran, persatuan, lan kepedulian dhateng sesami.

Sumangga dados pahlawan tumrap kulawarga, masyarakat, agama, lan bangsa.

Mugi Allah *Subhanahu wa ta'ala* tansah paring pangayoman dhumateng bangsa Indonesia, dados bangsa ingkang aman, tentrem, adil, makmur, saha pinaringan berkah.

Sumangga kita sami ndedonga dhumateng Allah *Subhanahu wa ta'ala*.

إِنَّ اللَّهَ وَمَلَائِكَتَهُ يُصَلُّونَ عَلَى النَّبِيِّ يَا أَيُّهَا الَّذِينَ آمَنُوا صَلُّوا عَلَيْهِ وَسَلِّمُوا تَسْلِيمًا.اَللّٰهُمَّ صَلِّ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا صَلَّيْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، وَبَارِكْ عَلَى سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا مُحَمَّدٍ كَمَا بَارَكْتَ عَلَى سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ وَعَلَى آلِ سَيِّدِنَا إِبْرَاهِيمَ، فِى الْعَالَمِينَ إِنَّكَ حَمِيدٌ مَجِيدٌ اَللّٰهُمَّ اغْفِرْ لِلْمُسْلِمِيْنَ وَالْمُسْلِمَاتِ وَالْمُؤْمِنِيْنَ وَالْمُؤْمِنَاتِ. اَللّٰهُمَّ ادْفَعْ عَنَّا الْغَلَاءَ وَالْوَبَاءَ وَالطَّاعُوْنَ وَالْاَمْرَاضَ وَالْفِتَنَ مَا لَا يَدْفَعُهُ غَيْرُكَ عَنْ بَلَدِنَا هٰذَا اِنْدُوْنِيْسِيَّا خَاصَّةً وَعَنْ سَائِرِ بِلَادِ الْمُسْلِمِيْنَ عَامَّةً يَا رَبَّ الْعَالَمِيْنَ. رَبَّنَا اٰتِنَا فِي الدُّنْيَا حَسَنَةً وَ فِي الْاٰخِرَةِ حَسَنَةً وَ قِنَا عَذَابَ النَّارِ.عِبَادَ اللهِ، إِنَّ اللهَ يَأْمُرُ بِالْعَدْلِ وَالْإِحْسَانِ وَإِيْتَاءِ ذِي الْقُرْبىَ وَيَنْهَى عَنِ الْفَحْشَاءِ وَالْمُنْكَرِ وَالْبَغْيِ يَعِظُكُمْ لَعَلَّكُمْ تَذَكَّرُوْنَ، وَاذْكُرُوا اللهَ الْعَظِيْمَ يَذْكُرْكُمْ، وَاشْكُرُوْهُ عَلىَ نِعَمِهِ يَزِدْكُمْ، وَلَذِكْرُ اللهِ أَكْبَرْ